қилинади.

И.Юсуповнинг Ўзбекистон ва ўзбек ҳаётидан ёзилган ҳамма асарларини ушбу тадқиқотга қамраб олдик деган хулосага келиш ўринсиз. Чунки мавзунинг қамрови кенг ва серқирра. У алоҳида тадқиқотни тақозо этади.

**Адабиётлар**


1. Миртемир. Қарақалпақ дэптери. –Нөкис: 1980.
2. Юсупов И. Йош. Қосықлар. -Нөкис: 1977.
3. Юсупов И. Сўфитўрғай саломи. -Тошкент: 2015.
4. Юсупов И. Тасқа когерген гул. Қосықлар ҳэм поэмалар. –Нөкис: 2017.
5. Орипов А. Йиллар армони. Шеърлар ва достонлар. –Тошкент: 1984.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада атоқли шоир И.Юсупов лирикаси мисолида шеъриятда туркум яратиш тажрибаси ҳақида сўз юритилади. Ўзбек ва қорақалпоқ шоирларининг қардошлик мавзусидаги шеърларининг ижодий ўзига хос қирралари очиб берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье на примере лирики рассматривается творческий опыт создании стихотворных циклов в поэзии известного поэта И.Юсупова. Рассказывается своеобразные грани стихотворений узбекских и каракалпакских поэтов, посвященных теме братства.

**SUMMARY**

The article deals with the experience of creating poetic cycle on the bases of poetry well-known poet I.Yusupov. It represents the peculiar facets of the poems of Uzbek and Karakalpak poets dedicated to the theme of brotherhood.


**УДК: 821.51**

## АДАМЗАТ ЖӘМИЙЕТИНИҢ РУЎХЫЙ-МӘДЕНИЙ ТУРМЫСЫНДА ИМПРОВИЗАЦИЯНЫҢ КЕЛИП ШЫҒЫЎ ЗӘРҮРЛИКЛЕРИ

**К.Г.Матимов** - *таяныш докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** адабиёт, фольклор, санъат, импровизация, импровизатор, жиров, шоир.
**Ключевые слова:** литература, фольклор, исскуство, импровизация, импровизатор, жырау, поэт.
**Key words:** literature, folklore, art, improvisation, improviser, bard (zhyrau), poet.

Адамзат жәмийетиниң раўажланыўында әййемги дәўирлеринде көркем әдебият ҳәм көркем өнер түрлери жүдә узақ дәўирлерде тамыр урғанлығы әдебият ҳәм мәдений тарийхы арқалы жақсы билемиз. Өйткени, инсан сыртқы орталықты, жәмийетти, турмысты тек ғана әмелий хызмет барысында билиў менен шекленип қалмай, оларды көркем-эстетикалық пикирлеўлер, сезиўлер арқалы үйренеди. Демек, сыртқы орталық, жәмийет, турмыс туўралы түсиниклерди көркем образлар арқалы береди.

Инсаният тарийхының барлық дәўирлеринде де көркем әдебият көркем өнер түрлериниң бири болып ҳәм олар арасында ең жетекши ҳәм айрықша түри сыпатында үлкен орын тутып, әҳмийетли роль ойнап келмекте. Соның ушын да «Әдебият инсанларға тәбият ҳәм жәмийет ҳаққында кең мағлыўмат беретуғын дәрек» [1:20] деп баҳалағаны бийкарға емес. Әлбетте, көркем әдебият – көркем сөз өнери болып, сыртқы дүньяны, жәмийетлик турмысты образлар арқалы таныйды. Әдебият жәмийетлик сананың ажыралмас түри болып, тәбиятты, турмысты билиўге умтылады ҳәм олар туўралы түсиниклерди көркем образлар менен береди.

Ең әййемги дәўирлерде буннан шама менен 2700-2800 жыллар бурын әййемги Грецияда әдебият, көркем өнер ҳәм мәденияттың дәслепки үлгилери туўыла баслады. Соң жоқары раўажланыў басқышына көтерилген бул әдебият бизиң заманымыздың III әсиринде Рим мәдениятының қәлиплесиўине тийкар салды. Усы әййемги халықлар жасаған мәдeният, әдебият ҳәм көркем өнер антик мәденияты, антик әдебияты деп аталады.

Көпшилик халықларда да мың жыллап тарийхларға ийе әййемги әдебиятлар бар, бирақ олардың ҳәр бири антик әдебияты деп атала бермесе керек. Тек ғана әййемги Греция ҳәм әййемги Рим әдебиятын антик әдебият деп атайды. Себеби, усы еки әдебият өзлеринен соңғы дәўирлердеги әдебиятлар ушын көркем-эстетикалық тийкар болып хызмет етти. Антик әдебияты өзиниң жоқары көркемлилиги, терең ҳәм демократиялық идеялылығы, жанрлардың байлығы менен басқа әййемги әдебиятлардан ажыралып турады [2:18].

Буның менен биз әййемги Греция мәдeният, әдебият ҳәм көркем өнердиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўының орайы, үстини деген жуўмақ жеткиликсиздей көринеди. Өйткени, әййемги мәдeният, әдебият ҳәм көркем өнер үлгилери Мыср, Шумер, Қытай, Ҳиндистан улыўма Шығыс халықларында пайда болғанлығын көпшилик илимпазлар мойынлап атыр [3:13-14.; 4:8.; 5:3]. Шығыс халықлары мәденияты тарийхын үйрениўши алымлар «Әййемги Шығыста шегине жеткен жыртқышлық соншама мәдениятты жоқ етпегенде, биз Греция менен Римнен бурынырақ сол еллердиң мәдениятын тереңирек үйренген болар едик. Әййемги мәденияттың төркини Шығыстан таралыўына қарамастан, олар реҳимсиз түрде қыйратылған» [3:13-14] - деп жазады. Буның айқын дәлили сыпатында Шығыс халықларында кең тарқалған «Гильгамеш», «Махабхарата», «Рамояна», «Авесто» ҳәм т.б. көркем әдебий естеликлерди атап өтиў орынлы. Мине, усындай Шығыс халықларында кең тарқалған фольклорлық, мифлескен көркем әдебий естеликлер түркий халықлары әдебияты, соның ишинде, қарақалпақ әдебиятының қәлиплесиў ҳәм раўажланыўы басқышларында поэтикалық көркемлик дүньясының байыўына үлкен әдебий тәсир жасады. Солай болса да, антик әдебиятының поэтикалық сағасы көпшилик дүнья әдебияты ҳәм көркем өнериниң көркем поэтикалық, идеялық, жанрлық ҳәм формалық-стиллик раўажланыўы тенденциясына көркем әдебий дәрек болып хызмет етти.

Жәмийетте инсанияттың руўхый дүньясы ҳәм мәдений турмысында көркем өнер түрлери (көркем әдебият, музыка, театр, сүўрет, хореграфия, архитектура) айрықша әҳмийетке ийе болып, адамзат жәмийетиниң миллий-мәнаўий ҳәм руўхый сана сезими, эстетикалық сезимталлығы, дүньялық көзқарасын қәлиплестириўде орны гүреўли жәмийетлик қубылыслардың бири болып табылады. Мине, усы көркем өнер түрлериниң пайда болыўы неше мың жыллық дәўирлерге барып тақалады. Ерте дәўирлерде дүнья халықлары мәденияты ҳәм әдебияты тарийхында көркем өнер түрлериниң бир-биринен ажыралмай синкретикалық усыл арқалы раўажланғанын көриўге болады. Демек сөз өнери (көркем әдебият), саз өнери (музыка), ҳәрекет (актёрлық шеберлик) ҳәм ойын (хореграфия) өнерлериниң бирикпесин синкретизм деп аталады [6:351]. Бул биринshиден, ерте дәўирлердеги адамзат жәмийетинде илим-техника, жазба әдебият ҳәм жазыў мәдениятының

еле раўажланбаған дәўирлери менен белгилесек, екиншиден аўызеки әдебияттың үстемлигинде көринеди. Демек, көркем шығарма ямаса көркем өнер түрлери аўызеки дөретилип, аўызеки атқарылып, сол дәўирдеги жәмийетлик турмыста терең из қалдырған ҳәм халық ядында мәңги сақланған әдебий дәстүрге айланды. Бул дәўирлерде дөретиўши ҳәм атқарыўшы көркем шығарманы аткарғанда сөз ҳәм сазды (музыка) дөретиўде бириктирип жибериў қубылысы, шығармадағы образды жаратып бериўде сөз бенен саздың күши жетпеген жерде ҳәрекет-мимика (актёрлық) арқалы қаҳарман образына кириў өнери сақланған. Бундай дәстүр үлгилериниң ең әййемги формаларын Әййемги Грецияның антик дәўири әдебияты тарийхында да ҳәм басқа да халықлар әдебияты тарийхында да ушыратамыз.

Синкретизм формалары үлгилерин сақланған әййемги Грециядағы аэд-рабсодлар, өзбек халқындағы жирау, бахши түркменлердеги бахши, озан, әзербайжан менен түрклердеги озан, ашық, ашуг, ваншаг, якутлардағы олонхосут, хакасларда қайчи, башқуртларда сэсэн, кобайиршы, қазақ халқындағы ақын-жыршыларды ҳәм қарақалпақ әдебияты тарийхындағы жыраў-бақсыларды атап өтиў орынлы.

Инсанияттың жәмийетлик турмысында импровизациялық әдебий қубылыслардың пайда болыўы, қәлиплесиўи ҳәм раўажланыў басқышлары жүдә узақ дәўирлерге барып тақалады. Бул әдебий қубылыс бүгин ямаса кеше пайда болған дәстүр емес. Ҳәттеки, ол руўхый дүньяның барлық илимий-техникалық ҳәм жәмийетлик ой-пикирлердиң қәлиплесиўине тийкар жаратты. Жазба әдебияттың сағасы халқымыздың бай көркем аўызеки дөретпелери болса, аўызеки дөретпелер импровизациялық усыллар арқалы дөретилгенлиги тәбийий қубылыс. Әсиресе, көркем өнер түрлери (көркем әдебият, музыка, театр, хореграфия, сүўрет) импровизациялық усыл арқалы раўажланыўы мүмкин емес.

Әййемги Грецияда импровизациялық талантқа ийе болған Аэд-рапсодлар қудайлар ҳәм қаҳарманлар ҳаққында Лира саз әсбабы менен қосықлар, жырлар дөретти ҳәм атқарды. Олар, тийкарынан, таяр қосықларды атқарыўдан гөре, атқарыў процесинде импровизациялық усыл арқалы жаңа шығарма (жыр) дөретиў уқыбына ийе болды. Бул импровизациялық усыл арқалы дөреткен шығармасын ҳәр атқарыў процесинде жыршы шығарманың идеялық ҳәм поэтикалық дүньясын жетилистирип барады. Эпик жыршының импровизациялық қәбилети көпшилик халықлардың фольклорында бар болған дәстүр. Жыршы (Аэд) атқарған шығармасын (жыр) екинши орында тәкирарламайды. Жыршының (Аэд) көркемлик дүньясында поэтикалық формулалар қәлиплескен болып, оны дөретиў процесинде пайдаланып отырады [7:46]. Бундай әдебий қубылыслар өзбек әдебияты ҳәм фольклорында да гезлеседи. Өзбек фольклоры ҳәм әдебияты тарийхында импровизацияны **бадиҳа** деген атама менен жүритсе, импровизациялық талантка ийе болған импровизатор шайырды **бадиҳагўй шоир** деп атайды. «Бадиҳа – (арабша сөз болып ойлаўсыз, бирден айтылған шырайлы сөз, тапқырлық» [8:61]-деген мәнини аңлатады.

Қарақалпақ халқының әдебияты, көркем өнери ҳәм мәденияты тарийхында терең из қалдырған жыраў-бақсылар мине усындай дәстүрге ийе болған. Қарақалпақ халқының жыраўлар мектебиниң тийкарын салыўшысы Соппаслы Сыпыра жыраў терме-толғаўларды өзи дөреткен, қобыз саз әсбабы арқалы намасы менен жырлаған. Бундай дәстүр Асан Қайғы, Қазтуўған жыраў, Доспанбет жыраў, Шалкийиз жыраў, Мүйтен жыраў дөретиўшилигинде де орын алған. Ал соңғы дәўирлердеги қарақалпақ жыраўлары (Шаңқай жыраў, Жийемурат жыраў, Ерполат жыраў, Нурабилла жыраў, Әбдирасулий жыраў, Қурбанбай жыраў, Өгиз жыраў (Хожамбеген), Жумабай жыраў Базаров, Шамурат жыраў, Жумабай Сейдуллаев, Қыяс жыраў, Есемурат жыраў, Өтенияз жыраў ҳәм т.б) дөретиўшиликке қарағанда атқарыўшылық процеси әдеўир байқалады. Бул жыраўлар дәстанның дөретиўшиси сыпатында толық авторлық ҳуқыққа ийе емес. Бирақ, деген менен бул жыраўлар дәстан атқарыўшысы болып қалмастан, сол дәстанның идеялық ҳәм көркемлик қуны, сюжет ҳәм образлардың байыўына үлкен үлес қосқанлығын да естен шығармаўымыз керек. Соның менен бирге, жыраў дәстанның көркем поэтикасын тәмийинлеўде үлкен әҳмийетке ийе болған. Бул жыраўлар тек ғана сөз өнериниң ийе болып қалмастан, сазгер, композитор, музыкант ҳәм аткёрлық талантқа ийе болғанлығын да көриўге болады. Жыраўлардың дәстан жырлағанда сол дәстандағы унамлы яки унамсыз образларды жаратыўы, образға кириўи, оның сөзи ҳәм ҳәрекет-мимикаларында анық байқалады. Демек жыраў дәстан атқарыў процесинде қур дүзетип үлкен дала театрын жарата алған. Бундай процесс тек ғана қарақалпақлар турмысына ғана емес, барлық дүнья халықлары ерте дәўирлердеги көркем өнер мәденияты ҳәм әдебияты тарийхында гезлеседи.

Импровизация көркем өнер түрлериниң барлығында ушырасатуғын әдебий қубылыс болып табылады. Көркем өнер дөретиўшилери ҳәм атқарыўшылары импровизациядан пайдаланбаса, онда импровизациялық талант болмаса шығарманы поэтикалық писик ҳәм көркем етип атқара алмаўы мүмкин.

Әййемги дәўирлерден усы бүгинги күнге шекем көпшилик халықларда импровизацияның белгилерин көрсетип шығарма дөретиў дәстүрге айланған. Қарақалпақ халқында жыраў-бақсылар, шайырлар (қызжигитлери айтысы ямаса шайырлар айтысы процесинде) шешенлер, ораторлар импровизациялық дәстүрдиң жетик үлгилерин көрсете билген. Әййемги Грецияда аэдларда, Батыс Европаның жонглерлери менен шпильманларында, руслардың скоморохлары менен аңызшыларында, украинлардың кобзарьлары менен түрк ҳәм әзербайжанлардың ашугларында импровизация дәстүрге айланған.

Жәмийетлик турмыста адамзат руўхый дүньясысыз, мәдeният, әдебият ҳәм көркем өнерсиз жасай алмайды, мүмкин де емес. Адамзат усы руўхый дүнья арқалы руўхый шөлин қандырған, руўхый мәдет алған. Солай етип, инсаният усы руўхый дүнья арқалы жәмийетлик ой-пикир, көзқарас, миллий руўхыяты қәлиплесип жәмийетлик турмыс раўажланған. Бул раўажланыўлар халықлардың миллий биригиўине, миллий санасезиминиң қәлиплесиўине, руўхый дүньясының өсиўине, илим ҳәм мәденияттың раўажланыўына үлкен тәсир жасаған.

Ерде дәўирдеги инсанияттың жәмийетлик турмысында адамзат руўхый дүньяға мүтәж ҳәм көркем өнерге ышқыпаз еди. Жәмийеттиң әдебият ҳәм көркем өнерге болған ышқыпазы, миллий руўхый дүньяға болған сезимталлағы нәтийжесинде әдебият ҳәм көркем өнер дөретиўшилери ҳәм атқарыўшылары өсип жетилисти. Адамзат жәмийетиниң руўхый дүньяға болған зәрүрликлери ҳәм талапларын есапқа алып дөретиўши ҳәм атқарыўшылар дөретиўшилик процесинде мудам өз үстине ислеўи ҳәм дөретиўшиликти буннан былай еле де жетилистириў зәрүрликлери пайда болды. Бул зәрүрликлерди толық иске асырыў ҳәм жетистириўде халықтың бай миллий аўызеки дөретпелерин, этнографиясын, халықлық педагогикасын, психологиясын, жәмийетлик қатлам ўәкиллери ҳәм олардың характерин, халықлық турмысты терең үйрениўди баслы мақсет етти. Сондай-ақ дөретиўшилер менен атқарыўшылар дөретиўшилик ҳәм атқарыўшылық процессте бир-бириниң атқарыў техникасын, методологиясын, методикасын үйренди.

Улыўма алғанда, усындай тарийхый процесс нәтийжесинде оларда импровизация пайда болды. Импровизациялық талант дөретиўши ҳәм атқарыўшыларда тәбийий талант ҳәм дөретиўшилик тәжирийбелер нәтийжесинде пайда болатуғын әдебий қубылыс болып табылады. Ол, өз гезегинде, сол дөретиўши ҳәм атқарыўшының халық тарийхын, этнографиясын, жәмийетлик турмысын, миллий характерин, миллий үрп-әдети, миллий сана-сезимине, мол өмирлик тәжирийбеге ийе болмаса импровизациялық қубылыстан утымлы ҳәм нәтийжели пайдалана алмас еди.

**Әдебиятлар**


1. Адабиёт назарияси (М.К. Нурмуҳамедов таҳрири асосида) I том., -Тошкент: «Фан», 1978, 20-б.
2. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 18-б.
3. История древнего востока. (под ред. В.И.Кузищин). –Москва: «Высшая школа», 1979. –С.13-14.
4. Мамбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. –Нөкис: «Билим», 1993. 8-б.
5. Қобланов Ж.Т. Шет ел әдебиетінің тарихы. -Алматы: 2011, 3-б.
6. Словарь Литературоведческих терминов (редакторы-состовители Л.И.Тимофеев и С.В.Тураев). –Москва: «Просвещение», 1974, -С.351.
7. Тронский И.М. История античной литературы. –Москва: «Высшая школа», 1988. –С. 46.
8. Қуранов Д., Мамажанов З., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. -Тошкент: «Академнашр», 2010. 61-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада антик адабиёти ва қорақалпоқ адабиёти тарихида импровизация адабий ҳодисасининг пайда бўлиши манбалари, шаклланиш босқичлари, ривожланиш тарихи сўз этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются истоки возникновения литературного феномена импровизации в истории древней и каракалпакской литературы, описываются этапы его формирования, история его развития.

**SUMMARY**

The article discusses the origin of literary phenomenon improvisation in the history of ancient and Karakalpak literature, there is depicted the stages of the formation, history of its development.


**УДК : 82. 0/82 - 3**

## 1980-ЖЫЛЛАРДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ПРОЗАСЫНДА ЎАҚЫТ ҲӘМ КЕҢИСЛИК ОБРАЗЛАРЫ

(К.Алламбергенов ҳәм О.Әбдирахманов шығармалары мысалында)

**Ж.Н.Сагидуллаева –** *филология илимлериниң кандидаты*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети доценти*

**Таянч сўзлар:** замон ва макон, хронотоп, сюжет хронотопи, ёпиқ ва очиқ макон, имплицит форма, ёзувчи услуби.

**Ключевые слова:** время и пространство, хронотоп, хронотоп сюжета, замкнутое и открытое пространство, имплицитная форма, стиль писателя.

**Key words:** time and space, chronotop, chronotop plot, closed and open space, implicit form, writer's style.

Әдебияттаныўда ўақыт ҳәм кеңислик образлары көркем образдың түрлерине киреди. «Көркем ўақыт ҳәм кеңислик көркем ҳақыйқатлықты бир пүтин қабыллаўды тәмийинлеўши ҳәм шығарманың композициясын шөлкемлестириўши көркем образдың әҳмийетли сыпатларының бири» [1:488].

Ўақыт ҳәм кеңисликтиң өз ара бирлиги рус илимпазы М.Бахтин тәрепинен «хронотоп» (сөзбе-сөз аўдармасы «ўақыт кеңислик») термини менен аталды [2:234]. «М.Бахтин XX әсирдиң 30-жылларында хронотоп түсинигин тиккелей әдебияттаныўға алып кирер екен, оның көркем шығарма негизиндеги жанр, композиция, сюжет, көркем текст структурасы, образлар поэтикасына тийисли әҳмийетли бөleклерди қамтып алыўы, көркем мәкан ҳәм ўақытты уйғын сәўлелендириўин есапқа алады. Себеби, көркем шығарма, ондағы ҳәр бир поэтикалық бөлек хронотоп системасында үйренилмес екен, белгили бир дөретпени ғәрезсиз көркем қубылыс сыпатында талқы етиў қурамаласады» [3:24]. Усы көзқарастан, қарақалпақ әдебияттаныўында әдебий шығармаларды хронотоп теориясы негизинде изертлеў, талқы етиў дәўир талабы.

«Хронотоп өзинде жанр қәлиплестириўши ҳәм сюжет дүзиўши функцияларды алып жүреди. Ол шығарманың ишки нызамлылықларын беккемлейди. М.Бахтинниң белгилеп көрсеткениндей, хронотоп дәрўазасы арқалы... инсанның сөз өнери дүньясына кириўи иске асады» [4, 6]. Демек, М.Бахтин хронотопты көркем шығарманың барлық форма компонентлерин қамтыўшы ҳәм сол арқалы мазмунды алып жүриўши формалық-мазмунлық категория сыпатында қарайды [2:235].

В.Е.Хализев «Теория литературы» мийнетинде М.Бахтинниң хронотоптың бир неше түрлерин, атап айтқанда идиллиялық, мистериялық, карнаваллық, сондай-ақ жол, босаға (кризислер ҳәм бурылыслы өзгерислер сферасы), қорған, мийманхана, салон, провинциялық қала (оның монотонлы турмысы менен) сыяқлы түрлерин ажыратып көрсеткенлигин атап өтеди. Ол илимпаздың хронотоплық баҳалықлар, хронотоптың сюжет дүзиўши роли ҳаққында айтқанлығын ҳәм оны формалық-мазмунлық категория деп атағанлығын келтиреди [5:249]. Бул мийнетте илимпаз өзи де ўақыт ҳәм кеңислик образларының түрлерине тоқтап, ўақыт образының биографиялық (балалық, жаслық, ер жеткенлик, ғаррылық), тарийхый (дәўирлер ҳәм әўладлар алмасыўы, жәмийет турмысында ири ўақыялардың характеристикалары), космослық (мәңгилик ҳәм дүньялық тарийх ҳаққында көз алдына елеслетиў), календарлық (мәўсимлер, күнлер ҳәм байрамлар алмасыўы), суткалық (күн ҳәм түн, таң ҳәм кеш), сондай-ақ, ҳәрекет ҳәм ҳәрекетсизлик ҳаққында, өтмиш, ҳәзирги мәҳәл, келешектиң өз ара байланысы туўралы көз алдына елеслетиўлер деп бөледи. Ал, кеңислик образын болса, жабық ҳәм ашық, жер ҳәм космослық, реал көринетуғын ҳәм көз алдына елеслетилетуғын, жақын ҳәм узақ көринетуғын нәрселер ҳаққында көз алдына елеслетиў деп ажыратады [5:248].

Ғәрезсизлик дәўиринде өзбек әдебияттаныўында хронотоп мәселесине арналған бир қатар мийнетлер, арнаўлы диссертациялар [6] пайда болды. Ал, қарақалпақ әдебияттаныўында көркем ўақыт ҳәм кеңислик мәселелери күтә аз изертленди. Мәселен, Қ.Камалов ҳәм Қ.Оразымбетовлардың мийнетлеринде хронотоп мәселесине жанр (эпика, лирика) көзқарасынан [7], Қ.Жәримбетов, К.Алламбергенов, С.Баҳадырова, Н.Орымбетова, А.Султанов, П.Нуржанов, М.Мәмбетова, И.Мәмбетов, Ж.Каниязова, Ж.Сагидуллаевалардың изертлеўлеринде суткалық (бир түн, бир ақшам, санаўлы күнлер) көзқарастан [8], Э.Ешниязованың мақаласында мәўсимлик көзқарастан (қыс, бәҳәр) жантасады [9]. Бирақ, бул мийнетлерде ўақыт ҳәм кеңислик образлары бир пүтин поэтикалық бирлик (хронотоп) сыпатында толық үйренилген емес. Ал, көркем ўақыт ҳәм кеңисликке бир пүтин система